



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Office of the Superintendent



13 Me 2020

Nou Salye Kominote Lekòl Piblik Distri Vil Orange,

Mwen espere ke lèt sa a jwenn nou tout trè byen. Tanpri sonje ke Lendi, 4 Me 2020 an, Gouvènè Phil Murphy te bay lòd pou fèmen tout lekòl NJ yo jiska fen ane akademik (SY) 2019-2020 lan. Nou pral kontinye travay ansanm nan efò pou asire ke aprantisaj a distans la ap mache byen pou tout elèv ki nan distri nou an. Nou angaje nou pou nou bay sipò edikatif ak sosyal emosyonèl chak jou.

Objektif komunikasyon sa a se pou bay ou yon mizajou sou yon dat ki pa'p genyen lekòl ki se Vandredi pwochen k'ap 22 Me 2020 an. Sa vle di ke p'ap genyen aprantisaj a distans Vandredi 22 Me pou elèv ak anplwaye yo. Kòm ou te deja okouran, Memorial Day se Lendi, 25 Me. Akòz de sa, mwen enstittiye yon jou fèmti lekòl pou tout fanmi ak anplwaye yo ka gen yon fen semèn pwolonje. Kòm mansyone, swen pèsònèl enpòtan anpil, epi sa a se yon moman pafè pou rekonekte ak fanmi ou.

Nou pral kontinye kenbe ou okouran atravè komunikasyon avèk ou sou platfòm/tribin nou an sou sit entènèt distri a ansanm ak medya sosyal nou yo konsènan nenpòt ki dènye mizajou akademik oswa operasyonèl.

Pou plis sipò, tanpri sonje ke nou te kreye yon adrès imèl ki se [distancelearningquestions@orange.k12.nj.us](mailto:distancelearningquestions@orange.k12.nj.us) pou nenpòt kesyon oswa enkyetid pandan peryòd pandemi sa a ki genyen rapò ak aprantisaj/ansèyman oswa enkyetid nan teknoloji. Si ou genyen tou enkyetid kesyon/konsènan sipò mantal oswa swen pèsònèl, ou ka voye yon imèl ba nou tou. N'ap bezwen non lekòl pitit ou a, non pwofesè a, ansanm ak enfòmasyon pou kontakte ou. Toujou sonje, ou ta dwe toujou kontakte pwofesè pitit ou a ak / oswa direktè lekòl la kòm moun ki nan premye liy pou sipò.

Nou ankourage ou pou kontinye vizite Tab Resous KOVID-19 distri a sou sit entènèt distri a ki se [www.orange.k12.nj.us](http://www.orange.k12.nj.us) pou resous adisyonèl pou fanmi yo sou sante mantal ansanm ak mizajou/dènye nouvèl sou swen pèsònèl elèv yo, fanmi yo, ak anplwaye yo. Nou afiche/poste sipò enstriksyonèl nan Tab Resous KOVID-19 pou bay ou asistans. Kòm ou deja okouran, nou mete Tab Resous KOVID-19 la ajou chak semèn nan efò pou nou bay ou plis sipò pou kominote lekòl nou an.

Yon lòt fwa ankò, mwen di ou mèsi pou fleksibilite kontinyèl ou ak kowoperasyon w pandan tan sa a san parèy sa a. Nou tout ansanm, nou menm sitiayson.

Se Moun Pa w la nan Edikasyon,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Sipètentandan Lekòl yo